



PEMERINTAH KOTA BANDUNG
DINAS PENDIDIKAN
KECAMATAN CINAMBO



SEKOLAH DASAR NEGERI 172 ANDIR KIDUL

Jl. A.H Nasution No. 38 A Kota Bandung 40612 Email: sdnandirkidul@gmail.com

NPSN : 20245439 Terakreditasi A (Unggul) 1346/BAN-SM/SK/2021 NSS : 011102126029

PENIALAIAN HARIAN
TAHUN PELAJARAN 2023/2024
BAHASA SUNDA

I. Pilih jawaban anu bener !

Baca penggalan teks biantara di handap !

Hadirin anu dipedar pangpayunna perkawis gizi. Supados urang séhat kedah neda katuangan anu halal sareng saé. Saé mah hartosna nyumponan sarat gizi. Ari katuangan anu nyumponan sarat gizi kedah ngandung unsur-unsur karbohidrat, protéin, lemak ,vitamin, mineral sareng cai.

1. Penggalan téks biantara di luhur kaasup ...
 - A. bubuka.
 - B. eusi.
 - C. panutup.
 - D. paneges.
2. Eusi pidato di luhur ngeunaan ...
 - A. keséhatan.
 - B. kadaharan.
 - C. gizi.
 - D. pentingna kaséhatan.
3. Katuangan anu nyumponan sarat gizi ngandung unsur ...
 - A. karbohidrat, protein, lemak, vitamin C , mineral sareng cai.
 - B. karbohidrat, protein, lemak nabati, vitamin , mineral sareng cai.
 - C. karbohidrat, Zat besi, lemak, vitamin , mineral sareng cai.
 - D. karbohidrat, protein, lemak, vitamin , mineral sareng cai.
4. Bagean – bagean biantara nyaeta ...
 - A. bubuka jeung panutup.
 - B. bubuka, kecap biantara, panutup.

- C. bubuka, kalimat biantara, panutup.
- D. bubuka, eusi biantara, panutup.

5. Titéna kalimah di handap !

Hadirin anu dipedar pangpayunna perkawis gizi.
Dina kalimah diluhur aya istilah kasehatan nyaéta ...

- A. hadirin.
- B. perkawis
- C. gizi
- D. dipedar

II. Pilih jawaban anu bener !

6. Di handap ieu kaasup pernyataan anu bener ngeunaan biantara nyaeta ...

- ☐ Biantara nyaeta paguneman di hareupeun balarea.
- ☐ Salah sahiji bubuka dina biantara nyaeta menta dihampura bisi aya kasalahan.
- ☐ Biantara nyaéta nyarita di hareupeun balarea.
- ☐ Salah sahiji bubuka dina biantara nyaéta puji ka gusti Allah.

7. Di handap ieu kaasup kana istilah kasehatan nyaeta ...

- ☐ Gizi, sanitasi jeung vitamin.
- ☐ Vitamin, sanitasi jeung kadaharan.
- ☐ Gizi, opname, rakhitis.
- ☐ Vitamin, rakhitis jeung lingkungan.

8. Di handap ieu mangrupa kalimah biantara bagéan eusi biantara nyaéta ..

- ☐ Tatakrama dina biantara salah sahijina ngucapkeun salam bubuka, dimimitian ku Assalamualaikum.
- ☐ Lentong atanapi intonasi kudu merenah.
- ☐ Sora dina nepikeun biantara kudu lalaunan.
- ☐ Eusi biantara teu kudu sarua jeung tema.

Baca teks biantara di handap pikeun soal nomor 9 jeung 10 !

Anu dimaksud sanitasi lingkungan nyaeta usaha-usaha urang sangkan lingkungan séhat. Ieu kedah dikawitan ti lingkungan kulawarga. Bumi kedah

beresih tina kokotor , kekebul sareng runtah. Kaca anu kotor beresihan sina hérang. Simbut, sepre sareng anduk rutin diseuseh saminggon sakali. Piceun runtah kana tempatna, kana TPS.

9. Kalimah di handap anu saluyu jeung eusi biantara di luhur nyaeta ...

- ☐ Sanitasi kedah di kawitan ti lingkungan masarakat.
- ☐ Sanitasi nyaéta usaha-usaha urang sangkan lingkungan sehat.
- ☐ Runtah kudu dipiceun ka wahangan.
- ☐ Bumi téh kedah beresih tina rupa-rupa kokotor, kekebul sareng runtah.

10. Di handap ieu anu aya hubunganna jeung sanitasi dumasar teks di luhur nyaeta

- ☐ Simbut, sepre jeung anduk rutin diseuseh saminggon sakali.
- ☐ Meresihan bak mandi saminggu sakali.
- ☐ Jandéla dibuka unggal isuk-isuk supaya aya sirkulasi udara.
- ☐ Piceun runtah kana tempatna.

II. Pilihlah bener atanapi salah pernyataan di handap !

No	Pernyataan	Benar	Salah
11	Biantara disebut oge pidato.		
12	Biantara kaasup kana istilah kaséhatan.		
13	Harééng nyaeta ngirung lantaran rek salesma.		
14	Gudawang nyaeta raheut nu gede tur muka.		
15	Anu ditepikeun dina biantara nyaéta hal- hak anu penting pikeun pamiarsa.		